



# Ranplasman Pon PFC Ralph T. Basiliere

## Sa k ap pase?

Pon ki gen non Sòlda Premye Klas (PFC) Ralph T. Basiliere a, menm si li an sekirite toujou pou moun k ap pase sou li, rive nan dènye limit tan pou li kontinye sèvi, kidonk li bezwen ranplase. MassDOT pral ògànize yon reyinyon publik pou enfòmasyon pou prezante pwojè ranplasman an bay kominate Haverhill la; sa pral pèmèt moun ki la yo konprann byen kisa pwojè a kouvri, ak mwayen MassDOT gen entansyon sèvi pou ranplase pon an, ak kouman manm kominate ki enterese yo kapab patisipe nan efò publik la.

## Ki konsekans sa pral genyen pou ou?

Pandan sis mwa ki pral vini yo, ekip konsepsyon MassDOT la pral travay avèk kominate Haverhill la pou deside ki kalite pon yo pral mete pou ranplase pon Basiliere ki la kounye a, ak kisa pon an dwe sanble, ak lòt eleman estriktirèl enpòtan, tankou konneksyon pou bisiklèt ak pyeton, ak konfigirasyon bann pou sikilasyon yo.

### Kilè

JEDI, 9 MAS 2023  
6:30-8:30PM

### Ki Kote

UMASS LOWELL INNOVATION HUB  
2 MERRIMACK STREET  
HAVERHILL, MA 01810



Tanpri sonje gen yon seri minit yo pral kenbe pou reyinyon sa a. Gade nan adres <https://www.mass.gov/orgs/highway-division/events> pou plis enfòmasyon.



Lokal reyinyon sa a aksesib pou moun ki andikape ak moun ki pa konn pale angle byen. MassDOT ap fè aranjman rezonnab ak / oswa bay asistans nan lang si yon moun mande, san fè li peye, toutotan sa posib. Pou mande fè aranjman oswa pou mande asistans entèprtèt, tanpri kontakte Responsab MassDOT pou Divèsite ak Dwa Sivik la (MassDOT's Chief Diversity and Civil Rights Officer) nan nimewo telefòn (857-368-8580), oswa nimewo faks (857-368-0602), nimewo relè 7-1-1, oswa nan adres elektwonnik [MassDOT.CivilRights@dot.state.ma.us](mailto:MassDOT.CivilRights@dot.state.ma.us). Demann yo dwe fèt pi bonè ou kapab anvan jou reyinyon an. Pou sèvis ki pi difisil pou jwenn yo, tankou lang ki pale ak siy, oswa CART, oswa tradiktè ak entèprtèt, demann yo dwe fèt omwen dis (10) jou ouvrab davans, anvan jou reyinyon an.

Ou mèt mande enfòmasyon sou Pwojè a tou nan adrès elektwonnik [haverhillbasilierebridge@dot.state.ma.us](mailto:haverhillbasilierebridge@dot.state.ma.us). Si ou gen nenpòt deklarasyon ekri sou travay yo pwopoze yo, voye li nan adrès sa a : Carrie A. Lavallee, P.E., Chief Engineer, MassDOT, 10 Park Plaza, Boston, MA 02116, Attention: BRIDGE SECTION PROJECT FILE NO. 605304